



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

19 Mas, 2021

A Paran ak Gadyen yo,

Nan reyinyon yèswa Konsèy Edikasyon Elizabeth la, mwen te kontan prezante yon plan ki pral fizikman reouvri lekòl yo pou fanmi nou ki chwazi opsyon aprantisaj an-pèsòn pou pitit yo. Kòm nou kontinye kontwole enfòmasyon sante lokal nou an, nou kontan anpil ke nou pral kapab kòmanse chwazi group elèv yo kap retounen nan yon modèl aprantisaj an-pèsòn Lendi 19 Avril, 2021. Lòt elèv yo ap kòmanse retounen 26 Avril, 2021.

Nou konnen tou ke modèl aprantisaj an-pèsòn pa ranpli bezwen chak fanmi oswa elèv. Se poutèt sa, fanmi yo ka toujou chwazi kite timoun yo swiv klas yo nan modèl 100% sou entènèt pou rès ane lekòl la.

Kòm nou ap avanse nan direksyon pou reouvri, sekirite nan kominote lekòl nou an rete pi gro priyorite pou nou. Pou rezon sa, Plan sante ak sekirite nou an pral gide anpil nan pratik nou yo ak metòd yo. Pou byen programe orè chak elèv, Distri a mande pou fanmi yo ranpli sondaj sa nan <https://links.epsnj.org/k5mj2g/i85> **avan 8:00 p.m. Mèkredi, 24 Mas** pou endike preferans aprantisaj ou pou pitit ou/timoun yo. Ou pral sèlman bezwen ranpli yon sèl sondaj pou chak fanmi.

Ou ka chwazi youn nan opsyon sa yo pou pitit ou/timoun yo:

Premye Opsyon:

- An-Pèsòn (2 Jou pa semèn tankou Lendi/Madi oubyen Jedi/Vanderdi avèk chak lòt Mèkredi: **OUBYEN**)

Dezyèm Opsyon:

- 100% sou Entènèt (5 jou pa semèn)

Office of the Superintendent of Schools

Modèl An-Pèsòn:

Pou konfòme avèk direktiv CDC yo, tout salklas gen yon kantite maksimòm de elèv an akò avèk sis pye distans sosyal, jan sa rekomande.

Kòm yon rezilta, yo pral mete elèv yo nan de group pou chak salklas: Group A ak Group B.

Orè: Pre-K – Klas 8yèm ane: **8:20 am – 12:39 pm**

Orè: Klas 9 – 12: **7:30 am – 12:22 pm**

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
GROUP A	GROUP A	GROUP A	GROUP B	GROUP B
GROUP A	GROUP A	GROUP B	GROUP B	GROUP B


Enfòmasyon bonè kritik anpil pou planifikasyon plizyè pati nan program lekòl nou an, ki gen ladan pwotokòl distans sosyal. Enfòmasyon ou bay yo pral ede nou planifye yon plan pi efikas pou sa ki ap vini yo. Si ou pa reponn a fòm preferans lan, pitit ou a pral otomatikman anrejistre nan aprantisaj an-pèsòn.

Ou ka jwenn gid plan mis-ajou nou an pou reouvri [isit la](#). Ou ka jwenn aksè enfòmasyon konsènan mezi gro pwoteksyon yo ki te mete an plas pou fè retounen nan lekòl an sekirite pou timoun yo.

Lekòl Piblik Elizabeth rete fòtman angaje nan edike elèv nou yo avèk sante, byennèt, ak sekirite kòm yon enkyetid prensipal. Nou pral kontinye bay tout elèv yon pi bon eksperyans edikasyon posib, ak sipò nan akademik ak sosyal-emosyonèl yo ap bezwen aprann pandan moman difisil sa yo.

Nou pral kontinye kominike regilyèman sou plan nou an pou re-ouvri Lekòl Piblik Elizabeth.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer